



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NOUYÒK AK NEW JERSEY POU SWIV ADMINISTRASYON TRUMP LAN POU RETNI ILEGAL FINANSMAN POU TINÈL GATEWAY LA

San yon aksyon rapid devan tribinal, moun pral pèdi travay, epi Nouyòk ak New Jersey pral souffri

Gade plent lan [isit la](#)

Nouyòk ak New Jersey anonse aswè a tou de eta yo ap pou swiv Administrasyon Trump lan paske li kenbe ilegalman 15 milya dola nan finansman federal ki te deja angaje pou pwojè Gateway la, ki te destine pou konstwi nouvo tinèl epi reyabilite ray esansyèl sou Rivyè Hudson ki egziste deja, ant rejyon nò New Jersey ak Vil Nouyòk, ki mete an danje avni ekonomik tout rejyon Nòdès la.

Pwosè a, ki depoze devan tribinal federal nan Distri Sid Nouyòk, vize jwenn sekou ijans pou anpeche Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Etazini an kontinye jele finansman an yon fason endefini—lajan ki nesese pou asire travay konstriksyon aktif pwojè a ka kontinye, pou travayè yo pa pèdi travay yo, epi pou Eta yo ak rezidan yo pa sibi domaj.

"Vanjans Donald Trump ki vire kont Nouyòk menase pou fè deraye youn nan pwojè enfrastrikti ki pi esansyèl peyi sa a bati depi plizyè jenerasyon, sa ki mete an danje plizyè milye djòb sendika ak plizyè milya dola retonbe ekonomik, epi ki menase depasman chak jou 200,000 pasaje," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòk pral goumen ak tout fòs li kont tantativ ilegal sa a Administrasyon Trump lan ap fè pou vòlè finansman gouvènman federal la te angaje pou konstwi Tinèl Gateway la. Mesaj mwen pou Donald Trump ak Sean Duffy senp: n ap wè nan tribinal."

Gouvènè New Jersey la, Mikie Sherril, te deklare, "Chak fwa Administrasyon Trump la enplike, depans yo ogmante epi travayè yo souffri. Atak ilegal kont Tinèl Gateway la se yon lòt egzanp ankò. New Jersey p ap fè bak nan batay sa a. Si pwojè sa a sispann, 1,000 travayè pral pèdi djòb yo imedyatman, epi plizyè santèn milye pasaje pral pèdi chans pou yo finalman gen yon sèvis tren ki fyab, ki ka fasilite lavi yo."

Pwokirè Jeneral Nouyòk la, Letitia James te deklare, "Dakò pwojè sa a sispann ka mete an danje youn nan koridò transpò piblik ki pi frekante nan peyi a. Tinèl nou yo deja anba gwo presyon, epi pèdi pwojè sa a ka yon dezast pou pasaje yo, travayè yo, ak

ekonomi rejyonal nou an. N ap mennen administrasyon an devan tribinal pou anpeche yon paralizi nan sèvis piblik yo, kote konsekans yo ka vrèman depase fwontyè Nouyòk ak New Jersey."

Pwokirè Jeneral Pa Enterim New Jersey la, Jennifer Davenport, te deklare, "Pwomès nou fè ak rezidan nou yo klè: n ap pwoteje yo kont tout atak sou dwa yo ak sou lajan yo, kèlkeswa kote atak sa yo sòti. Desizyon Prezidan an pou jele finansman pou Pwojè Tinèl Hudson lan mete an danje enfrastrikti ki an sekirite ak fyab, epi li menase plizyè milye djòb. Gouvènman federal la pa ba nou okenn lòt chwa: nou dwe konteste aksyon ilegal sa a nan tribinal, epi mande yon sekou ijans ki pral pwoteje nou kont domaj ilegal sa yo."

Eta yo ap mennen pwosè sa a ki apa de pwosè Komisyon Devlopman Gateway (Gateway Development Commission) la te depoze semèn sa a, paske yo menm tou y ap sibi pwòp domaj endepandan pa yo. Mete fen nan finansman federal la pa sèlman ka elimine plizyè milye djòb, men li ka mete an danje tou avni deplasman chak jou abitan Nouyòk ak New Jersey k ap travay di yo. Sa ta vle di tou New Jersey ak Nouyòk ta ka pèdi benefis plizyè milyon dola finansman, ak teren yo te bay pou Pwojè Gateway la. Sa ta vle di New Jersey ak Nouyòk ta ka oblije sipòte nouvo depans eksplwatasyon ki anpil. Epi, kòm Pwojè Gateway la deja byen avanse, ak plizyè chantye konstriksyon ki aktif, sa vle di tou New Jersey ak Nouyòk ta ka oblije depanse plizyè milyon dola pou sekirize sit sa yo, epi pou anpeche gwo danje pou sekirite ak sante piblik la. Etandone dezòd imedya sa a, pèt djòb yo, ak domaj grav ki menase Nouyòk ak New Jersey, Eta yo ap mande sekou ijans—ki gen ladan yon enjonksyon preliminè—pou anpeche DOT kontinye jele finansman sa a yon fason endefini.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)